# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–11 दिसंबर 2025 भोजपुरी समाचार

सदन में आजु फेर से चुनाव सुधारन पर चरचा सुरू भइल। कांग्रेस सांसद अजय माकन चरचा क सुरूआति कइलें। येह दौरान केन्द्रीय मंत्री अर्जुन राम मेघवाल लोकसभा में चुनाव सुधारन पर गृह मंत्री अमित शाह के भासण क सराहना कइलें।

**चुनाव आयोग की जिसको वह कटघर में खड़े करने की कोशिश कर रहे थे, प्रतिपक्ष के नेता तो उसका जवाब हमारे गृहमंत्री ने दिया जवाब सुना ही नहीं उन्होंने और ठीक ही कहा जो इस देश का नागरिक नहीं वह इस देश की मतदाता सूची में सम्मिलित कैसे हो सकता है।**

भाजपा सांसद दिनेश शर्मा कहलें कि गृह मंत्री अमित शाह बिपक्ष के निर्वाचन अयोग आ मतदाता सूची के बिसेस गहन पुनरीक्षण–एसआईआर के लेके भ्रामक सूचना फइलवले पर कड़ेर जबाब दिहले हवें।

**********

भारत निर्वाचन आयोग प्रदेश में विशेष गहन पुनरीक्षण–एसआईआर क समय–सीमा पनरह दिन खातिर बढ़ा दिहले हौ। राज्य क मुख्य निर्वाचन अधिकारी नवदीप रिणवा बतवलें कि अब छब्बीस दिसमबर दुइ हजार पचीस ले गणना प्रपत्र भरल जा सकी। उहां के बतवलीं कि अब निर्वाचन नामावली क आलेख प्रकासन एकतीस दिसम्बर दुइ हजार पचीस के होई।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ काल्हि गोरखपुर रेलवे स्टेसन आ झूले लाल रैन बसेरन क निरीक्षण कइलें। येह मौका पर मुख्यमंत्री जरूरतमंद लोगिन के गरम कम्बल आ खाना बंटलें। सथहीं ओइजा मौजूद सुविधा क जनकारियो लिहलें। प्रस्तुत बा एगो रिपोर्ट–

**रैन बसेरों का निरीक्षण करने के बाद मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ ने कहा कि हर जरूरतमंद को शीतलहर से बचाने और सम्मानजनक आश्रय देने के लिए सरकार प्रतिबद्ध है। इसके लिए जहां रैन बसेरों को पूरी क्षमता के साथ संचालित किया जा रहा है, वहीं तहसीलों और नगर निकायों को जरूरतमंदों में ऊनी वस्त्र एवं कंबल वितरण और अलाव की व्यवस्था के लिए पर्याप्त धनराशि उपलब्ध कराई गई है। मुख्यमंत्री ने अधिकारियों को निर्देशित किया कि कोई भी व्यक्ति फुटपाथ, प्लेटफार्म या सड़क पर खुले में न लेटे। यदि कोई ऐसा पाया जाता है उसे रैन बसेरों में पहुंचाया जाए और इसकी निरंतर निगरानी भी की जाए। समाचार कक्ष से विवेक सिंह**

मुख्यमंत्री आजु दिन में जौनपुर पहुंचि के प्रदेस सरकार में राज्य मंत्री स्वतंत्र प्रभार गिरीश चन्द्र यादव के पिता के सरधांजलि दिहलें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु भिन्नहीं गोरखपुर के गोरखनाथ मंदिर परिसर में जनता दरसन कार्यक्रम में करीब तीनि सौ लोगिन के समेस्या सुनलें। येह दौरान मुख्यमंत्री हर फरियादी से मुलाकाति कइलें आ उनकर बाति सुनलें। श्री योगी अधिकारियन के निरदेस दिहलें कि सज्जो लोगिन के समेस्या क निस्तारण समय से, निस्पक्ष आ संतुस्टिपरक होखे के चाही।

**********

केन्द्रीय पत्तन, पोत परिवहन आ जल मार्ग मंत्री सर्बानंद सोनोवाल आजु वाराणसी के नमो घाट से देस क पहिला हाईड्रोजन से चले वाला जलयान के हरियर झंडी देखा के रवाना कइलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी क संसदीय क्षेत्र वाराणसी में देस क पहिला हाईड्रोजन ईंधन से चले वाले जलयान क सुभारम्भ भइल हौ। ई प्रदूसण मुक्त भारत के दिसा में एगो खास कदम बा। येह मौका पर प्रदेस क परिवहन मंत्री दयाशंकर सिंह, आयुष मंत्री दयाशंकर मिश्र दयालु आ स्टाप अउर पंजीयन राज्यमंत्री रविन्द्र जायसवालो मौजूद रहलें।

**********

काशी तमिल संगमम के चउथा संस्करण में अजुओ कई गो कार्यक्रम आ गतिविधियन क आयोजन भइल। एगो रिपोर्ट–

**बनारस हिन्दू विश्वविद्यालय में कुशल पेशेवरों और शिल्पकारों के लिए आयोजित पाचवें शैक्षणिक सत्र में केन्द्रीय कौशल विकास एवं उद्यमशीलता राज्य मंत्री (स्वतंत्र प्रभार) जयंत चौधरी शामिल हुए। उन्होंने कहा कि काशी तमिल संगमम देश के दो प्राचीन और समृद्ध सांस्कृतिक परंपराओं को अदभुत रूप से जोड़ने वाला एक महत्वपूर्ण मंच है। आज ही तमिलनाडु से आए किसानों के प्रतिनिधि मंडल ने अयोध्या में श्रीराम जन्मभूमि मंदिर में श्री रामलला का दर्शन पूजन किया। समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।**

**********

सरकार सोसल मीडिया पर प्रसारित ओह वीडियो क खण्डन कइले बा जेहमें दावा कइल गइल हौ कि नया श्रम संहिता में कारखाना मालिक श्रमिकन के बारह घंटा काम करे बदे मजबूर करिहें आ उन्हें खाली आठ घंटा क तनखाहि दीहें। वीडियो में ईहो दावा कइल गइल बा कि अब कारखाना के श्रमिकन के आराम कइले क समय ऊ खुदे तय करिहें। पत्र सूचना कार्यालय क तथ्य जांच इकाई बतवलस कि ई दुन्नो दावा झूठ हौ।

**********

अजोध्या जिला के थान्हा पूराकलंदर के कल्याण भदरसा गांव के लग्गे प्रयागराज हाईवे पर मध्य प्रदेस से आ रहल सरधालुअन क गाड़ी आजु तड़के एगो ट्रैक्टर ट्राली से लड़ि गइल। येह दुरघटना में तीनि गो सरधालुअन क मउति हो गइल आ करीब एक दरजन सरधालु घाही हो गइलें। ई सज्जो लोगि अजोध्या में दरसन–पूजन बदे जात रहलें।

**********

मौसम विभाग प्रदेस के पूरबी आ पच्छिमी हिस्सा के तराई इलाकन में आजु आ बिहने कहीं–कहीं घना कुहेसा क धिरवनिया दिहले हौ।

(डेस्क)

**********